

Dimanch 27 2023

Priyè kominotè

(Ane A)

"Pòt lanfè a pap kraze legliz Bondye a"

1- Pou Legliz la

Elyakim, se sila Granmèt la chwazi pou kondwi pèp li a, e pou li pran swen li. N ap lapriyè pou Pap François, pou Evèk yo, pou Pè yo ak pou Dyak yo; ann mande Bondye pou l bayo lespri bonkonprann pou yo kabap kontinye preche levanjil la sou tout fas tè a pandan y ap aprann pèp li a viv dapre volonte li.

Annou lapriyè.

2- Pou Dirijan yo

Granmèt, menm jan ou te mete kle kay David la sou zepòl Elyakim, n ap lage nan men ou dirijan nou yo, lidè politik ak sosyal yo, pou kapab touche kè yo, konsa y ap travay pou chèche jistis pou tout moun, evite vyolans pou lapè ka blayi toupatou sou tè a.

Annou lapriyè.

3- Pou malad yo

Pòl ki te yon pèsekite pou kretyen yo, vin tounen temwen lafwa pou payen yo, gras ak favè Jezi te fè li. N ap lapriyè pou tout moun ki malad nan kominote nou an, pou tout moun pitit ak fanmi abandone lopital. Ann mande Bondye pou l geri yo, pou l fè yo dekouvri Jezi ki se Sovè yo.

Annou lapriyè.

4- Pou Jèn yo

Pyè di: *"Ou se Kris la, ou se pitit Bondye"*, se temwayaj lafwa li. N ap lapriyè pou jèn nan kominote nou an, pou tout jèn ke fanmi, zanmi ap meprize pou tèt yo chwazi sèvi Kris la. Ann mande Bondye pou l bayo menm kouraj avèk apot yo pou yo kapab defann pozisyon yo kòm patizan JeziKri.

Annou lapriyè.

5- Pou Kominote a

Jezi di Simon: *"Ou se Pyè, e sou pyè sa m ap bati legliz mwen an, lanmò ak pòt lanfè pap gen pouvwa sou li, m ap ba ou kle wayòm syèl la"*. N ap lapriyè pou kominote nou an, pou gwoup yo, pou layik angaje yo, pou menm jan ak Pòl, yo temwaye lafwa yo nan JeziKri nan fason y ap viv avèk frè ak sè yo.

Annou lapriyè.